

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil tina panalungtikan jeung pedaran ngeunaan prosés campur kode nu lumangsung dina akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul).

#### **5.1 Kacindekan**

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh, ngolah jumlah jeung ngadéskripsikeun fénoména campur kode dina akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul). Campur kode mangrupa makéna dua basa atawa leuwih dina waktu nu sarua pikeun ngajembaran ragam basa ku cara nyeselan unsur hiji basa kana basa séjén. Disawang tina wandana, campur kode nu kapanggih dina akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul) di antarana campur kode ka jero (*inner code mixing*), campur kode ka luar (*outer code mixing*), jeung campur kode campuran (*hybrid code mixing*).

Campur kode ka jero nyaéta campur kode anu sumberna tina basa-basa nu sarumpun, upamana pacampurna unsur basa Indonesia kana basa Sunda. Dumasar kana ieu panalungtikan, kapanggih 179 data nu ngandung unsur campur kode ka jero nu nyeselan basa Indonesia kana basa Sunda. Sedengkeun campur kode ka luar nyaéta campur kode anu sumberna tina basa-basa anu teu sarumpun atawa basa asing, upamana waé ngasupkeun unsur basa Inggris kana basa Sunda. Tina hasil data panalungtikan, kapanggih 124 data nu ngandung unsur campur kode ka jero nu nyeselan boh basa Inggris boh bahasa Jepang kana basa Sunda. Campur kode campuran nyaéta campur kode anu geus nyerep unsur tina basa asing, anu satuluyna dicampurkeun deui kana basa asal. Dumasar ieu hal, kapanggih 27 data anu ngandung unsur campur kode campuran nu nyeselan basa asing jeung basa Indonesia kana basa Sunda. Katitén yén campur kode ka jero mangrupa campur kode nu panglobana sedengkeun campur kode campuran nu pangsaeutikna.

Disawang tina wujudna, kapanggih aya genep wujud campur kode dina akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul) di antarana campur kode nu ngawujud kecap, frasa, baster, idiom, klausa, jeung kecap rajékan. Dina ieu panalungtikan kapanggih 470 wujud campur kode anu di antarana 302 unsur campur kode nu ngawujud –

kecap, 90 unsur campur kode nu ngawujud frasa, 42 unsur campur kode wujud baster, hiji unsur campur kode wujud idiom, 21 unsur campur kode wujud klausa, ogé 14 unsur campur kode nu ngawujud kecap rajékan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan unsur campur kode nu panglobana nyaéta nu ngawujud kecap kalayan 302 unsur, sedengkeun nu pangsaeutikna campur kode nu ngawujud idiom kalayan hiji unsur.

Ku kituna, bisa dicindekkeun yén panalungtikan campur kode dina akun Tiktok @situkangdahar\_ (Mang Epul) medar patali wujud jeung wanda campur kode. Tina hasil panalungtikan, kapanggih yén campur kode ka jero leuwih loba ti batan campur kode ka luar jeung campur kode campuran. Kitu deui, kapanggih yén campur kode ngawujud kecap leuwih loba ti batan wujud nu séjénna saperti campur kode ngawujud frasa, baster, idiom, jeung klausa.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun ka sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana nyaéta:

### 1) pikeun mahasiswa

pikeun mahasiswa, dipiharep tina hasil ieu panalungtikan bisa nambahan référénsi ogé pangaweruh dina widang kabasaan hususna ngeunaan campur kode nu lumangsung dina média sosial.

### 2) pikeun masarakat

pikeun masarakat anu ngagunakeun Tiktok atawa panongton pasif dipiharep tiasa nambahan informasi pikeun ngalarapkeun basa Sunda anu bener dina ngalatih kaparigelan nyarita di kahirupan sapopoé utamana pikeun ngamumulé basa Sunda.

### 3) pikeun *tiktokers*

pikeun *tiktokers* anu nyieun kontén hususna dina ngagunakeun basa Sunda, dipiharep tina hasil ieu panalungtikan bisa leuwih merhatikeun kaédah kabasaan ogé teu ngagunakeun campur kode nu kaleuleuwihi sangkan teu nimbulkeun ayana kasalah pahaman ka pihak panongton nu maké basa.